O`zbekistan Respublikasi xaliq ta`limi wa`zirligi
A`jiniyaz atindag`i No`kis ma`mleketlik pedagogikaliq instituti

«Mektepke shekemgi ta`lim» kafedrasi

«Mektepke shekemgi pedagogika » pa`ninen

# KUPS JUMUSI

**Tema:** Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' ta’rbiyasinda estetikaliq ta’rbiyanin’ orni

Таярлаған: Бекбергенова Н.

No`kis 2014 j

**Tema.** Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' ta’rbiyasinda estetikaliq ta’rbiyanin’ orni.

**Joba:**


I. Kirisiw

**I-Bap**

I.1. Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ ta’rbiyasinda estetikaliq ta’rbiyanin’ orni.

I.2.Estetikaliq ta’rbiyanin’ maqseti ha’m waziypalari.

**II-Bap**

II.1. Estetikaliq ta’rbiya qurallari.

II.2.Balalardin’ estetikaliq jaqtan rawajlaniwindag’i o’zine ta’n o’zgeshelikler.

Juwmaqlaw.

Paydalang’an a’debiyatlar dizimi.

## Kirisiw

Jan'a talaplarg' juwap beriwshi zamanago'y reformalasqan mektepke shekemgi bilimlendiriw mekemeleri ta'rbiyashisinin' joqari bilimge ha'm ka'siplik sheberlikke iye boliwi talap etiledi.

Prezidentimiz I.A.Karimov o'zinin' "Joqari ma'nawiyat jen'ilmes ku'sh" kitabinda ''Biz xalqimizdin' du'nyada hesh kimnen kem bolmawi, perzentlerimizdin' bizdende ko're ku'shli, bilimli, dana ha'm a'lbette, baxitli bolip jasawi ushin bar ku'sh ha'm imkaniyatlarimizdi bag'darlap atirg'an ekenmiz, bul boyinsha ruwxiy ta'rbiya ma'selesi hesh shubhasiz ten'i joq a'hmiyetke iye boladi. Eger biz bul ma'selede sergeklik ha'm sezgirlik, juwapkershiligimizdi jog'altsaq, bul og'ada a'hmiyetli jumisti o'z halina, o'z bolarliqqa taslap qoyatug'in bolsaq, muqaddes qa'diryatlarimizg'a suwg'arilg'an ha'm olardan aziqlang'an ruwxiy du'nyamizdan ta'riyxiy o'tmishimizden ayrilip, aqir-a'qibetinde o'zimiz umitilg'an uliwma insaniy rawajlaniw jolinan shetke shig'ip qaliwimiz mu'mkin"[1].

Ha'r bir ata-ana o'z perzntinin' en' bilimli, joqari ag'artiwshi sheber, do'retiwshi ta'rbiyashinin' ta'rbiyasina beriwdi qa'leydi. Mektepke shekemgi bilimlendiriw bolajaq ta'rbiyashilarg'a talabaliq dawrinnen baslap mektepke shekemgi bilimlendiriwinin' tiykari bala ha'm ta'rbiyashinin' birgeliktegi iskerligi ekenligin, bala ta'rbiyasinin' maqseti, balanin' ruwxiyatini rawajlandiriw qag'iydalarina boysiniwdi u'yretedi.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw pedagogikasi oqitiw-ta'rbiyaliq islerdi sho'lkemlestiriw, qural ha'm usillardi oqiw-ta'rbiya protsessinde kelip shig'atig'in mashqalalar ha'm onin' sheshimin duris sheshiwde innovatsiyaliq tehnalogiya usillarinan paydalaniwda qiyinshiliqlardin' duris sheshimin tabiwg'a bag'darlang'an.

Mektepke shekemgi pedagogikasi pa'ni en' tiykarg' pedagodikaliq mu'na'sebetlerdin' sebeplerin aniqlaydi, oni pedagogikaliq protsesste u'yrenedi.

---

[1] I.A.Karimov. Joqari ma'nawiyat jen'ilmes ku'sh. Tashkent-2008.

Bul pa’n bolajaq ta’rbiyashilardi mektepke shekemgi bilimlendiriw mekemelerinde ta’rbiyaliq xizmetine tayarlaydi. Sol sebepten oqiw qollanbada mektepke shekemgi pedagogika pa’ninin’ teoriyaliq ha’m a’meliy ma’selelerin aship beriwge ayriqsha itibar qaratiladi.

Mektepke shekemgi pedagogikasi pa’ni insane jetikligine qaratilg’an, xaliq do’retken bay ta’jriybe, ilimiy izertlewlerge, tiyisli teoriyaliq ha’m metodikaliq dereklerge, ja’ha’n oyshillari ag’artiwshi pedagok ilimpazlardin’ do’retpelerine su’yengen halda ka’mil insanlardi ta’rbiyalawdin’ nizam, qag’iyda ha’m principlerine tiykarlanadi.

Ta’lim-ta’rbiya ma’seleleri, ha’r bir millettin’ milliy miyrasina, uliwma insaniyliq qa’diriyatlarg’a su’yengen halda baqsha jasinan baslap o’zligin an’law, erkin pikirlew, maqtanish sezimlerin qa’liplestiriwge qaratiladi.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw mekemeleri a’melge asirilatug’in ta’lim-ta’rbiya islerin dawir talabi da’rejesinde alip bariw maqsetinde “mektepke shekemgi ta’lim-ta’rbiya da’sturi” du’zilgen. O’zbekistan xaliq bilimlendiriw ministerligi bul da’stu’rdi respublikamizdin’ o’zine ta’n ta’replerin ilmiy geografiyaliq, ekanomikaliq, ma’deniy, milliy ha’m estetikaliq sharayatlarin esapqa alg’an halda qayta islep shiqti. Balalar baqshasindag’i ta’lim-ta’rbiyani ta’rbiyashi pedagok a’melge asiradi. Ol pedagogikaliq processte tiykarg’i orindi iyeleydi. Sonin’ u’shin pedagok-ta’rbiyashi o’z qa’nigeligin teren’ biliwi ha’r qiyli metodikaliq qollanbalardan sheberlik penen paydalaniwi ha’m pedagogikaliq psixologiyaliq tayarliqqa iye boliwi lazim.

Ta’lim-ta’rbiyanin’ basqa formalari siyaqli estetikaliq ta’rbiyada o’z diqqat-itibarin jeke shaxsqa ja’miyetlik toparlarg’a qaratadi. Estetikaliq ta’rbiya da o’z uliwmainsaniy ha’m milliy qadiryatlarimizdi qarar taptiriwg’a xizmet qiladi. Joqarıda keltirilgenlerge tiykarlang’an halda orınlang’an kurs jumısında maktepke shekemgi jastag’i balalar o’mirinde estetikaliq ta’rbiyanin’ orni, estetikaliq ta’rbiyanin’ maqseti ha’m wazipalari, estetika ta’rbiya qurallari ha’m de balalardin’ estetikaliq jaqtan rawajlaniwndag’i o’zine ta’n o’zgeshelikler u’yreniledi.

**Kurs jumıstın’ maqseti.** Mektepke shekemgi jastag’i balalardin’ ta’rbiyasinda estetikaliq ta’rbiyanin’ orni ha’m a’himetin u’reniwden ibarat.

**Kurs jumisinin’ waziypasi.** Mektepke shekemgi jastag’i balalarg’a estetikaliq jaqtan ta’lim-ta’rbiya o’zine ta’n o’zgesheliklerdi ashıp beriwden ibarat.

**Kurs jumısı** du’zilisi boyınsha 2-baptan ibarat bolip, ha’r bir bap 2 soraw bolip, juwmaqlaw ha’m paydalanılg’an a’debiyatlardın’ diziminen ibarat.

Jumıstın’ kirisiw bo’liminde tan’lang’an temanın’ aktuallıg’ı tiykarlap berilgen.

Tiykarg’ı bo’limde ha’r bir soraw keyingi soraw menen baylanısqan halda temanın’ mazmunı ashıp berilgen.

Jumıstın’ juwmaqlaw bo’liminde u’yrenilgen ma’sele boyınsha qısqasha juwmaq ha’m usınıslar islep shıg’ılg’an.

Jumıstı orınlaw processinde temag’a tiyisli a’debiyatlar dereklerinen ha’m internet saytlarınan paydalanıldı.

**II.1Mektepke shekemgi jastag'i balalardin' ta'rbiyasinda estetikaliq ta'rbiyanin' orni.**

Estetikaliq tarbiya ken' ma'nili tu'sinik bolip, og'an tabiyat, miynet, jamiyetlik turmis, turmis ha'm ko'rkem o'nerge estetikaliq qarim-qatnasti tarbiyalaw kiredi.

Estetikaliq ta'rbiya o'z nawbetinde balalarg'a ha'r tarepleme tarbiya beriwdin' bir bo'limi esaplanadi.Ol, a'sirese, a'dep- ikramliliq tarbiya menen u'zliksiz baylanista.Ko'rkem-o'ner ha'm turmis go'zzallig'i menen tanistirip bariw balanin' aqilin,sezimin tarbiyalap qoymastan, sonin' menen bir qatarda onin' qiyal ha'm fantaziyasinda rawajlandiradi. Balalarda go'zzalliqti qabil etiwdi tarbiyalaw arqali olarda basqa insanlardin' keshirmelerin sezine biliw: quwanishina sherik boliw qayg'isin birge bo'lisiw siyaqli o'zgeshelikler qaliplestiriledi.

"Estetikaliq tarbiya" tu'sinigi menen bir qatarda "Ko'rkem tarbiya" tu'sinigi de bar. Ko'rkem tarbiya ko'rkem o'ner shig'armalari arqali tarbiyalaw bolip tabiladi. Estetikaliq ha'm a'dep-ikramliliq tarbiyanin' o'z-ara baylanislilig'i sonda, kisinin' go'zzallig'in qabil etiwden quwaniw onin' basqa insanlarg'a jaqsiliq islegeninen quwaniwina uqsap ketedi. Kerisinshe go'zzalliqti ko're bilmewshilik, onnan zawiqlana almasliq jaman islerdi islewge alip keledi.

Estetikaliq ha'm fizikaliq tarbiya ortasinda o'z-ara baylanis bar. Insannin' bekkem densawlig'i fizikaliq jetikligisiz onin' go'zzallig'in ko'z aldimizg'a keltire almaymiz. Onin' shirayli gewde du'zilisi, muzika astinda shirayli ha'reketler islewi usilardin' ishine kiredi. Balalardin' estetikaliq rawajlaniwi olardin' ku'ndelikli turmisi menen u'zliksiz baylanisli. Da'slepki jastag'i balalardi qadag'alag'anda olardin' estetikaliq ta'rbiyasi haqqinda emes, ba'lki olardin' sezim-tu'yg'ilarin rawajlaniwi haqqinda oylaw kerek. Bala jiltiraq boyawdan quwanadi, bir temptegi dawis ha'm ha'reketlerden raxatlenedi.

Bala o'mirinin' birinshi jillinda onin' sensorliq ha'm tuyg'iliq qabil qiliwshilig'i rawajlanip baradi. Bunda u'lkenlerdin' ta'siri ayriqsha orin iyeleydi.

Bala o'mirinin' ekinshi jilinda onin' qabil etiwi a'ste-aqirin jetilisip baradi. Bul jastag'i balalarda muzikanin' ko'terinki ha'n qayg'ili olardin' qatti ha'm a'stenligi juwap ta'sir payda boladi.

Orta topar balalarina gozzalliqti qabil etiw protsessi aniq ipadalang'an, ta'sirli boladi. Bul a'sirese, quwirshaq teatiri, kino, mutfilim, teatirlardi ko'rgeninde payda boladi. Bul jastan baslap balalar tanis bolg'an do'retiwshilik shig'armalarin jan'a shig'arnalar menen salistiradi ha'm ba'zibir juwmaqlar shig'ariladi.

U'lken topardin' aqirina kelip olar muzikani, ko'rkem shig'armani diqqat penen tin'laydi. Olarda unamli qa'harmanlardan quwanip, u'namsiz qa'harmanlardan qapa boliwi ju'z beredi.

Estetikaliq ta'rbiyanin' waziypalari tarbiyanin' uliwmaliq maqsetinen kelip shig'ip, balanain' jas imkaniyatlarin itibarg'a alg'an jag'dayda belgilenedi:

1. Balalardi turmistag'i go'zzalliqti tu'siniwge su'yiwge tabiyatta, turmista, do'retiwshilik miynetinde, jamiyetlik turmista, insanlardin' is-hareketlerinde balalarg'a tu'sinikli bolg'an go'zzalliqlardi ko're biliwge u'yretiw. Olarda estetikaliq sezim, estetikaliq talg'am, estetikaliq qarim-qatnasti tarbiyalaw. Ku'shlerdi jetkeninshe o'mirde go'zzalliq jaratiwda isker qatnasiw tilegin tarbiyalaw;

2. Balalardi ko'rkem do'retiwshiliktin' tu'rli janrlarda ( ko'rkem shig'arma, muzika, qosiq, ayaq oyin, su'wret) jaratilg'an ko'rkem o'ner shig'armalarin ko'riw, tu'siniw ha'm su'yiwge u'yretiw arqali olarda estetikaliq sana tareplerin qaliplestiriw, shiraylini siqilsizliqtan, qapashiliqti quwanishtan parqlay aliw; ren'lerin, ko'lemi, dawislardi bir-birinen parqlay aliw siyaqli sensor etalonlar menen tanisiw;

3. Balalardi ko’rkem o’nerdin’ tu’rli tarawlari; qosiq, oyin, oqiw, qaytadan gu’rrin’ etiw, do’retiwshilik iskerliklerde ja’nede isshen’ ha’reket etiw, o’zin ko’rsetiwge u’yretiw. Bular arqali balalarda ko’rkem do’retiwshilik uqipti, qiyaldi o’siriw, a’lem ha’m ren’ mu’nasibetlerin, ko’riw yadi, qollardi shaqqan hareketke keltire aliw ta’jiriybelerin rawajlandiriw;

## II.2. Estetikaliq ta’rbiyanin’ maqseti ha’m waziypalari.

Talim tarbiyanin’ basqa formalalri siyaqli Estetik tarbiyada o’z diqqat itibarin ayriqsha shaxsqa ha’m jamiyetlik toparg’a qaratadi. Estetik tarbiya da uliwma insaniy ha’m milliy qadriyatlardi qarar taptiriwg’a xizmet qiladi. Ta’rbiya insan sanasina, sezimlerine, tu’siniklerine, du’nya qarasina, is-hareketlerine minez-qulqina tasir teiwshi o’z aldina maqset ha’m waziypa etip qoyadi.

Estetik tarbiya da a’ne usi uliwmaliq maqset ha’m waziypalardi qurami esabinda a’mel etip, taryixiy- jamiyetlik tarepten ahimiyetke muwapiq hadiyseni an’latadi. Usini aytip o’tiw kerek, A’yyemgi du’nyada uliwma ta’rbiya maqseti estetik tiykarda ko’ringen. Ma’selen, ayyemgi greklerde estetik tarbiya maqseti puqaralardin’ ha’r tarepleme rawajlaniwina, “rux ha’m dene” birgelikte ja’mleskenligin qarar taptiriwg’a bag’darlang’an edi. Aflatun ha’m Arastu siyaqli zaberdest ag’artiwshilar taliymatlarinda estetik tarbiya sistemasin bir-birinen parqli tarepleri bolg’an halda uliwmaliq bar bolip, ol jalg’iz estetik tilekti qarar taptiriwg’a, jalg’iz adep-ikramliliq, minez-quliq ham insaniyliq sezim ha’m paxziyletlerine qaliplestiriwge xizmet qilatug’in edi.

Burinlari estetik tarbiya ju’da tar ha’m bir tareplemem taliqlanar, yag’niy oni ko’rkem a’debiyat do’retpelerine duris qabillaw, bunin’ menen ayriqsha lazzetleniw yaki qandayda bir ko’rkem o’ner tu’rin bilip alip, belgili a’debiy ko’nlikpelerge iye boliw shen’berinde beriler edi. Ayirim waqitlari estetik tarbiyag’a adamlarda joqari estetik talg’amin qaliplestiriw spatinda qaralatug’in edi. Bulardin’ barshesi estetik tarbiyanin’ waziypa ha’m maqsetleri shen’berine kiredi.

A’debiy tarbiya estetik ta’rbiyanin’ quramli bo’limi bolip, ol estetik ta’rbiyanin’ tiykarg’i mazmuni ha’m maqset bag’darlarin toliq belgilemeydi. A’debiy tarbiyanin’ tiykarg’i maqseti mu’nasebetlerdi ko’rkem qurallar ja’rdeminde qaliplesiwi bolip esaplanadi. Estetik

tarbiya menen a’debiy ta’rbiyani bir-birine ten’lestiriwde, aralastiriwda, qarama-qarsi qoyiwda qa’te bolatug’in edi. Usini nazerde tuutiw lazim estetik ta’rbiya ko’rkem-o’ner menen shegaralanip qalmaydi, balkim onin’ tiykarg’i mazmuni insannin’ barliq estetik mu’nasibetin aktivlestiriw ha’m rawajlandiriwdan ibarat.

Barliq estetik mu’nasibet o’z o’zgesheliklerine iye boliwina qaramastan, g’arezsizlikke de iye bolip, paydali a’meliy, ilimiy teoriyaliq mu’nasibetlerdide o’z ishine aladi. Barliqqa bolg’an insan mu’nasibetlerinin’ harqanday ko’rinisi estetik mazmunnan ajiralip qalsa, ol tu’p insaniy manisin jog’altadi. Bug’an misal spatinda belgili o’zbek jaziwshisi O’tkir Qasimovtin’ “Daftar hoshiyasidagi bitiklar ”shig’armasinda to’mendegi gu’rrinm’di keltirip o’tiwimiz mu’mkin: “Ten’iz boyina dem aliwg’a barg’animda jerlesim menen bir xanag’a tu’sip qaldim. Qattig’a kishkene “jilannin’ awzinan shiqqanday” qiyip ketetug’inday, galstuk tag’ip ju’retug’in adam eken.

Bir ku’ni Sushidag’i dendrayg’a kirdik. Jer ju’zinde ja’nnet bolsa sonsheli bolar! Jeti iqlimnin’ terekleri: har biri shinni kesedey appaq, qizg’ish gu’lleri aqldi lal qaldiratug’in mongoliyalar... yolkalar... bambuklar... kaktuslar... bananlar...

Taza maysazarda tawis naz jilwa menen gezedi. Birewleri terekler shaqasina qonip otiripti admlarg’a sonshaliq u’yrenisip ketken jaqin bariwimiz benen kamalaktay quyrig’in jayip, jamalin ko’z-ko’z etedi.

Hayran bolip turip qaldim. Bir waqitta jerlesim iynimnen tu’rtti.

- Usinin’ go’shinen tabaka qilsa bolarmeken, ustaz?

Ko’zine uzaq tigilip turdimda, indemey burilip kettim...

Tashkentke qaytqang’a shekem derlik so’ylespedim....”

Ko’rinip turipti, estetik mu’nasibet o’mirge qabil etiwshilik na’zeri menen qarawdan qutiliw, dunyag’a ken’ ko’z qaras penen adamlarda ta’biyat waqiya- hadiyselerine, na’rselerde en’ a’wele,

jamiyet, insaniyat rawajlaniwi ushin xizmet qilatug'in paziyletleredi ko're biliw qabiletlerin tarbiyalaydi.

Estetik tarbiyanin' estetik sanani qaliplestiriw maqseti ha'm waziypasi ko'birek jas awladqa ta'n estetik sanani qaliplestiriw demek. Estetik du'nyaqaras shala, birtarepleme bolip qaliwi turg'an ga'p, estetik ko'z qaras filosofiyaliq, a'dep-ikramliliq ha'm basqa ko'z qaras tarawlarinan xabardar bolip, o'z nawbetinde olardi da bayitip baradi.

Estetik tarbiya, en' aldi menen adamlardin' estetik talg'amin qaliplesiwine u'lken ta'sir ko'rsetedi. Shaxs o'zligi onin' estetik talg'ami arqali ko'rinedi. Estetik talg'amda insan aqiliy ha'm sezim du'nyasi, arziw-u'mitleri, talap-zarurlikleri, maqset-mapleri a'melge asiwi belgilenedi. Talg'am tek keypiyat bahalari g'ana emes, balki insan iskerligi na'tiyjeleri quralinda da tariyp tabadi. Insan iskerliginin' barshe na'tiyjeleri de onin' talg'ami sawlelenedi.

Estetik tarbiya o'z diqqat-itibarin shaxs estetik zaru'rliklerin qa'liplestiriwge qaratadi, ha'r tu'rli juda quramali talap- zarurliklrein birlestiredi, uyg'inlastiradi ha'm birdey tarzde a'mel qiliwi ushin sha'rt-sharayatlar jaratip beredi.

Estetik tarbiyanin' insan talap-zarurlikleri madeniyatin qaliplestiriwdegi orni da sheksiz, sonliqtan insannin' talap-zaru'rlikleri ma'deniyatinda belgili qag'iyda tuyg'isi payda boliwin, bul qag'iyda tuyg'isi jeke zarurlikti jamiyet zaru'rligi menen birdey tarizde qosip alip bariwdi talap etedi. A'ne usi qag'iyda tuyg'isi jetiklikke erisiw estetik tarbiyanin' en' a'himiyetli waziypalardan biri.

Estetikaliq zaru'rlik tek materialliq ha'm ruwxiy go'zzalliqlarinan lazetleniwne emes, Ba'lkim harqanday a'meliyat tarawinda narselerdi paziylet nizamlarina a'mel qilg'an halda jaratiwdi, iskerlikke go'zzalliqqa ko'rsetiwdi de bildiredi. Sonliqtan estetik tarbiya

o’mir dapterinin’ hammesine oqiw, miynet qiliw, ilimiy ha’m texnik izleniw, kollektivlik iskerlikke ko’rsetip beriliwi lazim.

Balalardi estetik tarbiyalaw ha’m rawajlandiriw estetik tarbiya sistemasi ja’rdeminde a’melge asadi. Estetik tarbiyani sho’lkemlestiriw sistemasinda bir qatar principler jatadi. Estetik tarbiya ha’m ko’rkem talimnin’ hamme ushin uliwmalig’i sonda, u’lkenler ha’m balalar ruwxiy o’mirde, ku’ndeliki miynet, ko’rkem-o’ner ha’m tabiyat penen sawbette, turmista ha’m shaxslar ara mu’nasibette estetik waqiyalar menen hamme waqit o’z ara mu’nasibette boladi. A’ne sol processte olardin’ go’zallig’i ha’m siqilsizlig’i, ashinarli ha’m ku’lgili tarepleri ko’rinip baradi. Bunnan belgili boladi, estetikaliq sawatqanliq, ideallar, estetikaliq rawajlaniw ha’m ko’rkem ta’limsiz, jumista o’nimlerdi estetikaliq rawajlaniwg’a jetkere almastan, shaxstin’ ha’r ta’repleme barkamal bolip rawajlaniwi mumkin emes.

Estetikaliq tarbiyani sho’lkemlestiriw sisatemasi ja’ne ba’rshe tarbiyaliq jumislarina uliwmaliq jantasiw principine tiykarlanadi. Balalardin’ estetikaliq ta’rbiyasinda ko’rkem-o’nerdin’ ba’rshe tu’rleri o’z–o’zi menen birge ha’reketlenedi, balag’a uliwma tasir ko’rsetedi. Bunday o’z-ara ha’reket ko’rkem shig’armalar, su’wretlew o’neri, muzika sawatqanlig’in asiriwda bekkem baylanis na’tiyjesinde a’melge asadi. Bunnan tisqari estetikaliq tarbiya pa’n, miynet dene ma’deniyati, estetikaliq mu’nasibet ha’m turmis go’zzalliqlarin ashiw esabinan da a’melge asadi.

Estetikaliq tarbiya sistemasi balalardin’ pu’tkil ko’rkem estetikaliq iskerligi o’mir, jamiyettin’ a’meliy rawajlaniwi, balalarda du’nya qarasi ha’m adep-ikramliliqti qaliplestiriw processi menen o’z-ara baylanisliliq principine tayanadi. Jamiyettin’ demokratiyalasiwi go’zalliq ha’m a’dep ikramliliq deregi.

Bala shaxsinin’ estetikaliq ha’m uliwma shekleniwi o’z-ara baylanisi balanin’ ko’rkem ha’m uliwma psixikaliq rawajlaniwi birligi principin talap etedi.Balalalardin’ ko’rkem estetikaliq iskerligi olarda seziw, emociya, obrazli ha’m logikaliq este saqlaw, so’ylew, pikirlewdin’ jedel rawajlaniwin tamiynleydi.

Estetikaliq tarbiyanin’ ameliyligi tuwridan-tuwri balalardin’ ko’rkem do’retiwshilik ha’m o’zbetinshe iskerligi principine a’mel qiliwina baylanisli. Milliy xaliq oyinlari, xaliq qosiqlari,, taqmaqlar, gu’rrin’ler, rawiyatlar, osherkler, izleniwshilik ko’nlikpelerin payda etedi, balalardin’ ko’rkem rawajlaniwi, ayriqsha ha’m kollektivlik do’retiwshiligi quralinda ruwxiy o’mir mazmuni qaliplesedi.

Balalrdin’ pu’tkil o’miri estetikalastiriw principi mu’nasibet, iskerlik, balalardin’ mu’nasibetlerin go’zzalliq nizamlari, olrdan quwaniw sezimin oyatiw tiykarinda sho’lkemlestiriwdi talap etedi.



*1-sızılma. Estetikaliq tarbiya sistemasi*

Balalrdin’ estetikaliq tarbiyasi sistemasi olardin’ jas penen baylanisli psixo-pedagogik o’zine tanligin sapqa aliw principi tiykarinda quriladi.

Estetikaliq tarbiya insannin’ estetikialiq sanasin qaliplestiriw procesinde oni a’ep-ikramliliq, miynet, ekologiyaliq tareplerinen de tarbiyalaw waziypalarin o’z ishine aladi. Estetikaliq tarbiyanin’ adep-ikramliliq tarbiyag’a tasiri sonda go’zzalliq a’lemi, jaq siliq, biyg’arezlikten ajralmag’an halda a’mel qiladi. Estetikaliq tarbiyanin’ miynet tarbiyasi menen birlesip ketiwi negizi sonda, miynet processi shaxstin’ tabiyiy zarurligine aylanip bariwda o’z tariypin tabadi. Estetikaliq tarbiya menen ekologiyaliq tarbiya baylanislilig’i bolsa tabiyatta biyg’arez insaniy mu’nasibette boliwda, jamiyet penen tabiyat ortasinda usas baylanis mu’nasibetlerin ornatiwda ko’rinedi.

Solay etip, estetikaliq tarbiya- bul estetikaliq tarepten rawajlang’an ha’m unamli bolg’an bala shaxsin rawajlandiriw degendur. Estetikaliq ta’rbiya adamgershilik ma’niske, estetikaliq a’rman tuwri keletug’in barliqti qabil etiw, bahalaw ha’m paziylet nizamlari tiykarinda qayta jaratiwg’a qabila bolg’an bala shaxsin qa’liplestiriwge mo’lsherlengen ta’lim ta’rbiya tarawi.

Estetikaliq ma’deniyatin qa’liplestiriw – bul barliqtag’i ha’m ko’rkem-o’nerdegi go’zzalliqti toliq qabil etetug’in ha’m duris tu’sinetug’in shaxs qa’biletlerin rawajlandiriwg’a jo’neltirilgen (bag’darlang’an) process. Ol o’zinde ko’rkem a’debiy keshirmeler ko’z qaraslar ha’m siyiniwlar sistemasin sa’wlelendiredi haqiyqiy estetikaliq qa’diriyatlardan zawiqlaniwdi ta’miynleydi.

## II.3. Estetikaliq ta’rbiya qurallari.

Estetikaliq tarbiya qurallari to’mendegilerdi o’z ishine aladi:

- balalardi qorshap turg’an ortaliq, turmis estetikasi;
- do’gerek atiraptan aling’an tasirler;
- tabiyat, ko’rkem-o’ner shig’armalari;
- balalardin’ su’wretlew iskerlikleri;
- bayramlar, kewil ashar ilajlar;
- belgili maqsetli ha’m rejeli rawishte a’melge asirilatug’in bilimlendiriw; belgili maqsetke

Balalar baqshasin qorshap turg’an go’zzalliq ortalig’i, balalrdin’ har tarepleme kamalg’a keliwinde estetikaliq talg’amlardin’ tarbiyalaniwina jardem beredi.

Pedagogika sistemasina ta’n bolg’an estetika ha’m etikanin’ birligin shan’araqta, balalar baqshalarinda kishkenelerdi tarbiyalawda biymalel qollaniw mu’mkin. Lekin haqiyqiy turmis estetikasin jaratiw ushin tarbiyashi ha’m ata-analardin’ joqari madeniyatli, jaqsi minez-quliqli, kishipeyil, ko’rkem talg’amli boliwi talap etiledi.

Balalrdi qorshap turg’an suliw zatlardin’ o’zi balag’a hesh na’rse bermeydi, sonin’ ushin balalardi olardi ko’riwge, qadirlewge, bahalay biliwge u’yretiw kerek. Tarbiyashi balalardin’ diqqatin poldin’ tazalig’ina, suliw idislarg’a, gu’llerge qaratadi. Ha’rbir jan’a narse, jan’a bezew balalar menen birge ko’rip shig’iladi. En’ ahimiyetlisi, ha’mme narselerdi balalarda estetikaliq zawiq oyatatug’in etip, ko’rsetiw kerek.

Balalarda estetikalqi zawiq oyatiw ushin olarda baqlanip atirg’an narsenin’ mazmuni ha’m a’hmiyetin tu’sindiriw kerek. Balalardin’ serzimlerine ta’sir etiw u’shin bul ele jetkilikli emes. En’ ahmiyetlisi, bul jerde u’lkenlerdin’ u’lgisi bolip tabiladi. Tarbiyashinin’ o’zi zawiqlansa artiqsha so’zlersiz go’zzaliqqa

qizig’iwshiliq oyata aladi. Balalarda estetikaliq keshirmeler payda ete aladi.

Balalar tarbiyashidan: “Ne ushin altin gu’z dep ataladi?” dep soraydi, tarbiyashi dem aliw bag’ina barip ko’remiz, dep juwap beredi. Bag’qa barg’anda balalarg’a usinis etedi: “Seyil etip tereklerdi, soqpaqlardi baqlaymiz”. Bag’din’ en’ shirayli jerine kelgende balalar toqtap, atirapqa nazer taslaydi da: “Ne ushin altin gu’z ekenligin tu’sindik. Sebebi japiraqlar alting’a uqsaydi. A’ne qizil japiraqlar”, dep tolqinlanip ayatadi. Samal boliwi menen japiraqlar jerge tu’sedi. Soqpaqlar bolsa to’selgen gilemge uqsaydi.

Ko’shege seyilge shig’adi. Tarbiyashi balalarg’a sonday deydi: “Biz ha’zir sizler menen baqsha ko’shesineen ju’rip o’temiz. Sizler diqqat penen baqlap barin’, Kim qanday suliw narse ko’rse, seyilden keyin aytip beredi”.

Soni aytiwimiz kerek, a’jayip a’tirapimizda, balalardi sol ajabiyatti ko’re biliwge, onnan tan’lana biliwge u’yretiw lazim. Tabiyattin’ go’zzallig’in ha’m a’jayiplig’in insan turmis go’zzallig’ina, ko’rkem-o’ner go’zzallig’i ha’m ajayibatina aylandiradi. Janajan tabiayt estetikaliq tabiaytinin’ qu’diretli qurali bolip xizmet etedi. Do’gerek atiraptag’i ta’biyat go’zzallig’i hatte en’ kishi balanida quwantiradi. Onin’ tuyg’ilar ha’m qiyallarinda saqlang’an go’zzallig’i balaliqta a’sirese jarqin ha’m teren’ qabil etiledi, insan bulardi pu’tkil o’miri dawaminda esinen shig’armaydi.

Seyil, ekskursiya waqtinda tarbiyashi balalardin’ diqqatin tabiyattin’ ra’n’-baren’ligine, onin’ o’zgeriwi ha’m u’ylesimliligine qaratadi, tabiyat qubilislarina qizig’iwshiliq oyatadi, og’an muxabat ha’m abayli qarim-qatnasti tarbiyalaydi, qasterlep- abaylawg’a u’retedi. Bulardin’ ha’mmesi balalardin estetikaliq talg’amlarin tarbiyalaydi, olar insanlardin’ miynet na’tiyjelerin naiq ko’rip, atiraptag’i go’zzalliq insan miyneti arqali ju’zege keleiwine isenim payda etedi.

Tarbiyashi balalardin’ g’umshadagi bir tamshi shiqtida, otlardin’ biri ekinshisi menen qosilip ketiwinde de, quyashtin’ nur taratiwinda da aqsham boyawlarinda da tabiyat go’zzallig’in ko’re biliwge jardem beredi.

Balalar baqshasinda tabiyat mu’yeshi sho’lkemlestiriledi. Ondag’i haywanlar ha’m o’simliklerdi baqlaw ha’m tarbiyalaw balalrda estetikliq qabil etiwdi, Olarg’a aslistirmali duris mu’nasibetti, go’zzalliq jaratiw tilegin qaliplestiredi ha’m qizg’in iskerlikke iytermeleydi. Jildin’ jaz mawsiminde palizda, gu’lzarda, baqsha maydanshasinda da miynet etiwde de balalar estetikaliq zawiq aladi. Gu’zde o’z miynetrinin’ jemisin jew balag’a o’z aldina estetikaliq ra’hat bag’ishlaydi. Dala ha’m bag’larg’a seyilge barg’anda tabiyattin’ go’zzallig’i ha’m baylig’inan, ol jerdegi diyqanlardin’ jaratiwshiliq miynetlerine sheksiz zawiqlanadi. Balalar baqshasinda balalalardi estetikaliq tarepten tarbiyalawda ko’rkem- o’nerdin’ ha’r qiyli tu’rlerinen (muzika, su’wretshilik, skulptor, xaliq a’meliy ko’rkem- o’neri, a’debiyat h.t.b ) paydalaniladi. Ko’rkem-o’ner joqari estetikaliq zawiqtin’ insan quwanishinin’ tawsilmas deregi bolip xizmet etedi. Sonin’ menen bir waqitta ol ha’rbir adamnin’ rawajlaniwi, ruwxiy bayiwi ushin qural bolip tabiladi.

Ko’rkem shig’arma insannin’ sezimlerine tasir etse emocional keshirmeler insanda pikirlewdi oyatadi. Ko’rkem shig’armadan tasirleniw pikirlewdi isshen’lestiredi. Qiziqli ertek yaki suwret balada pikrler oyinin oyatadi. Bul haqqinda S.Yu.Marshak sonday degen edi: “qizil qalpaqsha” ertegin balalar qatarina 20 marte esitiwge tayar. Bug’an sebep ertek o’z du’zilisi boyinsha aniq, onin’ logikasi ha’m motivi izshil, ha’r qanday bala o’zin ertektegi qaharman ornina qoya aladi ha’m “qizil qalpaqsha”ni oynay aqladi. Ko’rkem o’nerdin’ ha’mme tu’rleri a’debiyat, muzika, su’wretshilik, skulptorliq, teatr, kino balalarg’a tu’sinikli bolip tabiladi.

Ko’rkem – o’nerden balalar baqshasin bezewde, bilimlendiriwde, balalrdin’ erkin iskerliginde paydalaniladi. Balalr baqshasinda gansh, shisha, ag’ash, ilay, plastalinnen har qiyli predmetler, oyinshiqlar jasaw mu’mkin. Balalar oyinshiqlarinin’ jaqsi u’lgilerinen topar bo’lmesin bezetiwde paydalansa boladi.

Gilemshilik, toqimashiliq, gu’lalshiliq, zardozliq, kesteshilik, o’nermentshilik, ko’rkem ayna, metall padnoslar, toqilg’an ha’mde tigip gu’l saling’an buyimlar ha’m basqalar su’wretlew o’nerinin’ ko’rinisli tu’rine kiredi. Bunnan tisqari, baqshada ha’r bir walayat, u’lke, respublikanin’ milliy madeniyatinan paydalaniw kerek.

Talim- tarbiya jumislarinda xaliq ameliy ko’rkem-o’neri u’lgilerinen paydalaniw u’lken a’hmiyetke iye.O’zbek ha’m qaraqalpaq nag’isllari tu’sirilgen shirayli gu’lli tawarlar, quwirshaqlar ushin ko’ylek, ayna perdeleri, siyaqlilar ushin qollaniliwi mu’mkin.

Muzika balalrdin’ keypiyatin koterip azang’i dene tarbiyada jan’lay baslaydi. Jildin’ qurg’aq ha’m issi waqitlarinda ekskurtsiya, seyil ha’m oyin waqitlarinda qosiqlar atqariliwi kerek, bul balalardi janede bir birine jaqinlastiradi, ruwxin ko’teredi. Maydanshada miynet etiw processinde atqarilg’an qosiq hareket ritmin uyg’inlastiradi, balalarg’a miynet quwanishin bag’ishlaydi.

Balalarda estetikaliq qabil etiwdin’ rawjlaniwi ushin olardi haqiyqiy ko’rkem shig’armalari menen tanistiriw zaru’r. Radio, televedeniede ko’rkem – o’ner ustalari ha’m ten’lesleri atqarg’an shig’armalar balalrdin’ estetikaliq rawajlaniwinda u’lken jardem beredi. Qosiq attip oying’a tu’siwinde tiykarinan, xaliq do’retiwshiligi u’lgilerinen paydalalanadi. Bul balalalardi a’dep- ikramliliq, estetikaliq tarbiyalaw ushin ju’da qimbatli qural bolip tabiladi. Balalar xaliq namalarin atqarip atirip xaliq tili ha’m namasinin’ u’nlesligin ha’m rawanlig’in bilip aladi. Bul balalarda watanparwarliq sezimin tarbiyalaydi, muzikaliq talg’amin qaliplestiredi. Balalardi zamanago’y

ha’m klassik namalardi qbil ete aliowg’a tayarlaydi. Qosiq ha’m ayaq oying’a tu’siwge u’yretiwde tek duris aytiw ha’m duris hareket etiwdi emes, balki ko’rkemlep oqiw, jen’il shirayli ha’m naziklik penen ayaq oying’a tu’siwge u’yretiledi.

Balalardin’ ko’rkem uqipliliqlarin tarbiyalaw maselesi olardin’ do’retiwshilik o’siwi menen u’zliksiz baylanisli.Sonin’ ushin balag’a u’yretiw, ondag’i do’retiwshilik baslamani rawajlandiriw jumisi bir-biri menen u’zliksiz baylanista amelge asiriliwi lazim. Pedagog tarbiyaliq ko’z qarastan jantasiw, bala do’retiwshiliginin’ en’ birinshi, elge toliq ko’rsete almag’an tarepin seze biliwi ha’m bahalay aliwi kerek. Bunin’ menen ol baladag’i jetiklik jolin duris belgilewi mu’mkin.

Balalar baqshasinda o’tkeriletug’in bayramlar balalarg’a teren’ tasir tedi. Bayramnin’ tarbiyaliq ku’shi ha’m o’zine tanligi onin’ idealiq ha’m estetikaliq mazmunin ko’rkem – o’nerdin’ tu’rli ko’rinisleri menen baylanisli boliwinda bolip tabiladi. Ha’r qaysi bayram o’z ideasina iye bolip, ol balalarg’a jarqin obrazlar arqali tasir ko’rsetedi.

Estetikaliq tarbiya qurallarinan biri quwirshaq teatri. Onin’ og’ada ku’shli tasir etiwinin’ sebebi apiwayilig’i, ha’dden tis yoshqinlig’i ha’m quwirshaqlilig’i (oyinshiqlig’i) sonday-aq, ko’rkem so’z, muzika, qosiq, oyin, su’wretlew o’neri siyaqli quram bo’leklerinin’ u’zliksiz birlesip ketkenligi insan ko’z aldinda aniq ko’riniwinde bolip tabiladi. Quwirshaq teatrin balalar tek tamasha etip g’ana qoymastan, onda o’zleride qatnasadi. Bul balanin’ dramatikaliq uqip, baslamasi, so’ylewin o’siredi, turmisina quwanish bag’ishlaydi.

Quwirshaq teatri, ayna teatrin ko’rsetiwde balalardi estetikaliq ta’repinen ta’rbiyalawda ayriqsha orin iyeleydi. Bul oyinshiq quwirshaqlar balalarg’a tanis bolsada, olardi ta’rbiyashi qoli ja’rdeminde ha’reketke keltirip, ko’rkem so’zler menen qosip alip

bariwi na’tijesinde olar balanin’ ko’z aldinda janlanadi, basqasha tu’s aladi ha’m balalar ertwk mazmunin teren’ qabil ete baslaydi.

Ko’rkem talg’amnin’ qa’liplesiwinde kitaplar a’hmiyetli rol oynaydi. Kitaplar tek g’ana balalardin’ jasina sa’ykes, teme ha’m mazmuni menen g’ana emes, sonin’ menen birge bayanlaw usili ha’mde bezetiliwi menen de ajralip turiwi ju’da’ za’ru’r. Kishkeneler, a’sirese 2-3 jasli balalar ushin shig’arilg’an kitaplarda so’zlerge qarag’anda su’wretlerdin’ ta’siri u’lken boladi . bala kitapshadag’i su’wretlerdi qayta-qayta o’z doslarina, u’lkenlerge, quwirshag’ina “oqip” beriw menen onin’ mazmunin o’z yadinda bekkemletdi. Kitaptag’i suliw, ayqin su’wretler balalardin’ ko’rkem talg’amin ta’rbiyalaydi. U’lkenler miyneti, qaharmanliq sonday aq ana watang’a bolg’an muhabbat, dosliq, joldasliq balalardin’ ata-analarina salistirg’anda mehriyban boliwi siyaqli temalarda jazilg’an gu’rrin’ler tu’sinikli bolip tabiladi.

Balalardin’ su’yikli jaziwshi ha’m shayirlari Qudrat Hikmat, Mirmuxsin, Shukir Sa’dulla, Quddus Muhammaddiydin’ balalar ushin jazg’an qosiqlari olarda sezim-emotsiyalardi ta’rbiyalaydi, olardi jasawg’a u’yretedi, du’nyag’a koz-qarasin qa’liplestiredi, ana tilinin’ baylig’in, so’zlerdin’ ta’sirshen’ligin seziwge ja’rdem beredi.

Kishkeneler ha’mmede de beter erteklerdi su’yedi. Ertektin’ jaqsi ta’repi sonda, onda uzaq pikir ju’ritilmeydi. Ertek qaharmanlari balag’a jaqin ha’m tanis. Ertek tili turmisliq ha’mde janli boladi. En’ a’hmiyetlisi, ta’rbiyashinin’ o’zi ko’rkem a’ debiyatti su’yiwi ha’m tu’siniwi, prozaliq shig’arma ha’m qosiqlardi ko’rkem oqip biliwi kerek.

Balalar baqshasinda u’lkenler basshilig’inda balalar ta’repinen kontsertler, bayramlar, kishkenelerdin’ tuwilg’an ku’nlerinen belgilew, balalarda quwanishli sezimlerdi oyatatug’in, mazmunli ha’m

olardin’ yadlarinda uzaq waqit saqlanip qalatug’in etip sho’lkemlestiriliwi kerek.

## II.4.Balalardin' estetikaliq jaqtan rawajlaniwindag'i o'zine ta'n o'zgeshelikler.

Estetikaliq ma'deniyatin qa'liplestiriw – bul tek a'debiy du'niya qarasti o'siriw, oqilg'an kitaplar, qurilg'an kinofilmler, tin'lang'an muzikaliq shig'armalar sanin ko'beyttiriw g'ana emes. Kerisinshe bul insannin' sezimlerine ta'sir ko'rsetiw, shaxs ruwxiyatin bayitiw, minez qulqin basqariw ha'm du'zetiw.

Eger biyparwaliq, insan o'zinin' antiestikligin ko'rip turadi. Eger bala go'zzalliqti seziwdin' unamli a'detleri,unamli miynetin o'zlestirilgen bolsa, ol jag'dayda onin' estetikaliq ma'deniyatinin' joqari da'rejede ekenligi haqqinda biyma'lel so'ylew mu'mkin. Sonday adamlar bar, romanlar, taqmaqlar oqiydi, ko'rgizbe ha'm konsertlerde qatnasadi, biraq ja'miyetlik a'dep-ikramliliq mug'darlarin buzadi. Bunday adamlar estetikaliq ma'deniyatinan uzaq. Sebebi estetikaliq ko'z-qaraslar ishki du'nyasina kirip barmag'an. Bunin' ushin shaxs estetikaliq ma'deniyatin qa'liplestiriwdin' a'hmiyetli quramali bo'limleri estetikaliq qizig'iwshiliq, estetikaliq za'ru'rlik, estetikaliq sana, estetikalq talg'am, estetikaliq idealdi quram taptiriw olardin' psixologik pedagogik ta'replerin tiykarlaw lazim.

Shaxstin' barliqti estetikaliq ta'repten bilip aliwina iytermelewshi subyekti a'meller estetikaliq za'ru'rlik dep ataladi.

Shaxstin' estetikaliq iskerligine, barliq ha'm ko'rkem shig'armalarin estetikaliq ta'repten o'zlestiriwge kirisiwdi estetikaliq qizig'iwshiliq dep ataladi.

Ja'miyetlik barliq ta'biyat, sanaat penen tuwridan-tuwri sa'wbet processinde – teoriyalar, ko'z qaraslar, a'debiy ta'lim ha'm ta'rbiya na'tiyjesinde qa'liplesetug'in o'zgeshelik estetikaliq sana dep ataladi.

Shaxstin' aniq bir estetikaliq ha'diyselerge mu'na'sibetti bildiriwshi aqiliy ha'reketi estetikaliq dep ataladi. Estetikaliq ha'm a'dep-ikramliliq normalar jiyindisi arqali qa'liplesetug'in ha'm

shaxstin' buyim, ha'diyselerine estetikaliq baha beriwde aniq ko'rinetug'in ha'diyse estetikaliq talg'am dep ataladi. Shaxstin' ta'biyat, ja'muyet ha'm sanaattag'i maqseti ta'rizinde qabil etetug'in quramalasqan go'zzalliq haqqindag'i bahasinin' sa'wleleniwi estetikaliq ideal dep ataladi.

Mektepke shekemgi ta'limnin' da'slepki jas da'wir balalari ha'm do'gerek a'tiraptag'i, muzika, qosiqlar toplami, su'wretlew o'neri shig'armalari, ta'biyattag'i go'zzalliqti qabil ete aladi. Sonin' menen birge, o'zleri su'ret siziw, jaziw, qosiq aytiw, oying'a tu'siw, qosiq yadlay aliw qa'biliyetine iye boladi. Balalarda baqlang'an bunday jag'daylar estetikaliq ta'rbiyani mektepke shekemgi ta'lim da'wirinen baslap haqqinda sheshim qiliwg'a imkaniyat beredi.

Estetikaliq ta'rbiya–shaxsta ta'biyat, miynet ja'miyetlik mu'sibetlerdegi go'zzalliqti estetikaliq idealliq ko'z–qarastan qabil etiw ha'm bahalaw, sonin' menen birge barliq go;zzalliq nizamlarina o'zgerisler za'ru'rligin seziw qa'biliyetin qa'liplestiriwge bag'darlang'an turaqli ta'sir processi.

**Estetikaliq ta'rbiya** – balani ta'rbiyalawdin' a'hmiyerli ta'repin o'zinde sa'wlelendiriw ol sezimlik ta'jiriybe shaxs emocional tarawin bayitiwg'a imkaniyat beredi, barliqti a'dep – ikramliliq, ta'repten an'lawg'a ta'sir ko'rsetedi, biliw iskerligin asiradi, ha'tte fizikaliq rawajlaniwina da ko'meklesedi. Estetikaliq ta'rbiya na'tiyjelei estetikaliq rawajlaniwina da o'z sa'wleleniwin tapqan.

O'mirdegi ko'rkem a'debiyattag'i go'zzalliqti ko're biliw ha'm seziw, onnan estetiksliq zawiqlaniw ko'nlikpe ha'm ta'jiriybeleri ba'rshede birdey qa'liplesken bolmaydi. Bir kishi belgili bir obyektten zawiqlansa, ekinshisi bug'an itibarsiz boliwi mu'mkin. Estetikaliq sezgirlik, qabil etiw diqqat – itibar, unamli processke umitiliw estetikaliq ta'rbiya tiykarin quraydi. Balalarda bul ko'rinisler tuwridan tuwri barliqtag'i ha'm ko'rkem o'nerdegi go'zzalliqlardi seziw

processinde rawajlanadi. Bala go’zzalliqti tek g’ana seziw g’ana, ba’lki oni tu’siniw, ol haqqinda pikir ju’ritiwi za’ru’r.

Mektepke shekemgi ta’lim jasindag’i balalardi estetikaliq ta’rbiyalawdin’ waziypalarin eki u’lken gruppag’a ajiratiw mu’mkin:

1. Balalarda qorshag’an – ortaliqqa estetikaliq mu’na’sibetti rawajlandiriw: ta’biyattag’i, ko’rkem – o’nerdegi go’zzalliqti ko’re aliw ha’m seziw, go’zzalliqti tu’sine aliw; a’debiy talg’amdi, go’zzalliqti an’lawg’a za’ru’rlikti ta’rbiyalaw.

2. Har tu’rli ko’rkem o’ner tu’rlerine ta’n bolg’an ko’rkem a’debiy ko’nlikpelerdi rawajlandiriw: balalardi su’wret siziw, tu’rli buyimlardi yasaw; qosiq aytiw, muzikag’a mas hareketlerge u’yretiw; so’z baylig’in asiriw

Mektepke shekemgi talim jasinin’ tu’rli dawirleri menen baylanisliliqta estetikaliq tatrbiyani a’melge asiriwdin’ o’zine ta’nligi de aniq ko’rinip turadi.

Daslepki jastag’i balalarda ele olardin’ estetikaliq tarbiyasi haqqinda emes, balki olardin’ eszimlik ha’m sensor rawajlaniwi haqqinda oylaw kerek. Bala jiltirawiq boyawdan quwanadi, birdey dawis ha’m ha’reketlerden quwanadi. Bala o’mirinin’ birinshi jilinda olrdin’ sensor- sezimlik qabil etiwshen’ligi quramalasip baradi. Bul jastag’i balalarda sezimlik keshirmelerinin’ qaliplesiwinde u’lkenler ahimiyetli orin iyeleydi. U’lkenlkerdin’ ashiq ju’z benen joshqin hawazda so’ylewleri balag’a buyimlardin’ ol yaki bul o’zgesheliklerine unamli mu’nasibette boliwg’a jardem beredi. Ha’m kerisinshe, u’lkenlerdin’ eskertiwshi dawsi, olar ju’zindegi qaran’g’iliq belgisi yamasa bir tu’rli bolip qarawi, jekirinip, siltep taslawlari balalarda usi buyimg’a yaki onin’ spatina keri tasir mu’nasibetti qaliplestiredi.

Bala o’mirinin’ ekinshi jilnda onin’ qabil etiwi aste- aqirin quramalasip baradi. Balalar endi tek g’ana barli o’zgesheliklerin

emes, sonin’ menen birge ko’rkem-o’ner shig’armalarindag’i ayirim estetikaliq belgi qurallarinda qabil ete baslaydi. Bul jastag’i balalarda qosiqtin’ quwnaq ha’m qayg’ili qosiqlarg’a, olardin’ qatti ha’m a’ste dawisina, a’ste ha’m tezligine juwap tasiri payda boladi.

Orta jas topari dawirinde balalar estetikaliq qabil etiwdin’ rawajlaniwinda ahimiyetli o’zgerisler ju’z beredi.Olardin’ estetikaliq qabil etiwi birqansha aniq ha’m klassifatsiyalang’an bolip qaladi. Biraq ol qisqa-qisqa bolip, balalnin’ jeke tajiriybesi ha’m qizig’iwshilig’ina baylanisli bolip qaladi. Bul jastag’i balalar ko’rkem obrazdi en’ apiwayi estetikaliq tarepten bahalay aladi, bazi bir estetikaliq qurallardi duris an’laytug’in sugwret manisin tu’sinetug’in bolip baradi.

Balalarda go’zzalliqti qabil etiw processi aniq belgilengen, tasirli, aktiv tu’s aladi. Bul asirese, olar quwirshaqtetri kino, multfilm telespektakllerdi tamasha qilg’anlarinda aniq ko’rinedi. Balalar shig’arma qaharmanlari hareketine qosilip biymalel hareketqiladi. Olardin’ belgili jag’dayda o’zlerin qanday tutiwlarin aytip turadi, o’zlerin olar menen birge oynap atirg’anday sezedi. Bul jastag’i balalar tanis bolg’an ko’rkem shig’armalardi jan’a shig’armalar menen salistiradi ha’m juwmaq shig’aradi.Balalardi qosiqti gu’rrin’nen, a’debiy shig’armanin’ bazi bir janrlarin, su’wretlew a’debiy ha’m muzikanin’ ayirim tu’lerin (ertekti gu’rrin’nen, marshti oyinnan, hayyiwdi oyinnan ham basqalar) bi-birinen ajirata baslaydi.

U’lken jas toparinin’ aqirina kelgende olar muzikani, adebiy shig’armalardi diqqat penen tin’laydi, su’wretlew o’neri shig’armalarin diqqat penen qaraydi, olardag’i unamli qahramanlar hareketlerinen quwanadi, a’debiy ha’m su’wretlew o’neri shig’armalarina qarag’anda turaqli qizig’iwshiliq payda boladi. Balalarda adebiy unamli qabilet rawajlana baslaydi, olar o’zbetinshe

rawishte jumbaqlar, taqmaqlar, ertekler, qosiqlardi toqip shig'aradi, applikaciya ha'm suwretler isleydi. Endi olar o'zlerinin' ha'm doslarinin' islerin bahalaytug'in bolip qaladi.

Ko'rip shig'ilip atirg'an shig'armalari, esitip atirg'an muzika shig'armalari, oqip atirg'an qosiqlarinin' en' nazik tareplerin ko're aladi, seze baslaydi. A'debiy shig'armalardag'i ayirim qosiq qatarlarin eslep qaladi ha'm o'z so'zlerinde qollanadi. Do'gerek-atiraptag'i go'zzalliqqa, ko'rkem-o'nerge, adebiy ha'm oyin iskerliginin' ha'r tu'rli tu'rlerine qarag'anda olarda qizig'iwshiliq qaliplese baslaydi.

Shaxstin'' estetikaliq madeniyatinin' qaliplesiwi ko'p tarepten estetikaliq kamalatina tasir o'tkizetug'in sirtqi ha'm ishki sha'rt-sharayatlarg'a baylanisli. Bunday sirtqi ha'm ishki shart-sharayatlar estetikaliq tarbiya reformalalari dep ataydi.

Tarbiyaliq iskerliktin' usinday formalari bar, olar shaxstin' estetikaliq barlig'ina mu'nasibetin rawajlandiriwg'a xizmet qiladi. Tarbiyaliq iskerliktin' bunday formalari estetikaliq tarbiya qurallari dep ataladi. Estetikaliq tarbiya reformalari ha'm qurallari ortasindag'i shegara shartli. Belgili sharayatlarda estetikaliq tarbiya reformalari tarbiya qurallari waziypasin atqariwi ha'm kerisinshe boliwida mu'mkin.

Mektepke shekemgi talim jasindag'i balalardin' estetikaliq tarbiyalaw waziypalarin amelge asiuiriw ushin malim bir sharayatlardi jaratiw lazim. Balalarda qorshap turg'an ortaliq, turmis estetikasi a'ne usinday en' ahimiyetli reforma. Eger qorshag'an ortaliq estetikaliqqa tiykarlang'an bolsa, eger bala adamlar arasindag'i mehribanliq mu'na'sibetin ko'rse, do'gerek – a'tiraptan aling'an tu'sinikler unamli ta'repke iye bolsa, ol kishkeneliginen aq estetikaliq barliqti o'zi ushin mug'dar spatinda

qabil qiladi. Turmis estetikasi o’zide ko’plep detallardi o’z ishine aladi.

Bunday usillarg’a bala ku’ndelik iskerliginde paydalanatug’in oyinshiqlar kiyimler, turara jay dizayni ha’m basqalarin kiritiw mu’mkin. Biraq balanio qorshap turg’an shirayli narselerdin’ o’zi balag’a hesh narse bermeydi, sonin’ ushin balalarg’a olardi ko’riwge, qadirlewge, bahalay bilwge u’yretiw kerek. Tarbiyashi balalrdin’ diqqatin poldin’ tazalig’ina, jaqsilap ornina qoyilg’an mebelge, shirayli idislarg’a, gu’llerge qaratadi.Har bir jan’a na’rse, taza bezek balalar menen birge ko’rip shig’iladi. En’ ahimiyetlisi, ha’mme na’rselerdi balalarda estetikaliq zawiqti oyata alatug’in qilip ko’rsetiw kerek.

Balalarg’a estetikaliq zawiqti oyatiw ushin olarg’a ko’rsetilip atirg’an narsenin’ mazmuni ha’m ahimiyetin tu’sindiriw kerek. Balalardin’ sezimlerine ta’sir etiw ushin bul ele jeterli emes. En’ a’hmiyetlisi bul jerde u’lkenlerdin’ u’lgisi. Bunin’ ushin u’lkenler balalarda go’zzalliqqa itibarin qarata aliwi lazim: “Biz sen menen tazalaw islerin tamamladiq. Qara, u’yimiz qanday shirayli boldi. Kel, usi jerge gu’llerdi qoyamiz!”. Bunday tariypler ha’mme waqit bildirilip turiliwi kerek. Sebebi, olar balada basqishpa-basqish estetikaliq sanasin rawajlandirip baradi.

Sonin’ menen birge, balalardi barliqti ha’m onin’ go’zzallig’in analiz etip bariwg’a u’yretiw lazim: “ Senin’ ko’ylegin’e qaysi ren’degi tufliy tuwri keledi, dep oylaysan’?”, “ U’yimiz diywalina ko’birek qaysi ren’degi perde tuwri keledi: ko’k pe ya jasilma?”. Bunday jag’dayda balanin’ aniq juwabinin’ o’zi ahimiyetli emes, tiykarg’isi onin’ itibarin ren’nin’ tuwri keliwi yaki kelmesligine qaratiw, sonday-aq, balada olda go’zzalliq jaratiwi mu’mkinligi haqqindag’i juwmaqti payda etiwge erisiw.

Estetikaliq tarbiyanin’ en’ ahimiyetli reformasi- bul tabiyat. Tabiyat penen harqashanda mu’nasibette bolmay turip, estetikaliq tarepten rawajlaniw, estetikaliq tarbiyani sho’lkemlestiriw mu’mkin emes. Basqasha aytqanda tabiyat hesh narse menen almastirip bolmaytug’in go’zzalliq deregi.Ol estetikaliq sezim tuyg’i, baqlawdi rawajlandiriw bay material beredi. A’sirese, tabiyat ko’rkem obrazlar arqali belgilense, ja’nede o’zinin’ estetikaliq tarepin aniq ko’rsetedi. Maselen, Quddus Muhammedtin’ “ Bolari” qosig’inan a’ne usi tarep aniq sawlelengen:

G’uv-g’uv uchar bolari,
Duv-duv uchar bolari,
Guldan- gulga qonishib,
Sharbat ichar bolari.
Sen qadirdon do’stimiz,
Asaling yeb, o’stik biz,
Yasab berayin quti,
Bog’chamizda qol, ari!

Ana tabiyat estetikaliq tarbiyanin’ qudiretli qurali bolip xizmet qiladi. Do’gerek-atiraptag’i tabiyat go’zzallig’i hatteki en’ kishi balani da quwandiradi. Onin’ sezim tuyg’ilarinda oyinda saqlang’an go’zzallig’i balalaiqta asirese, teren’ ha’m jarqin qabil etiledi, insan bulardi pu’tkil o’miri dawaminda esinen shig’armaydi.

Seyil, ekskurtsiya waqtrinda tarbiyashi balalardin’ diqqatin tabiyattin’ ra’n’ baren’ligine, onin’ o’zgeriwi ha’n uyg’inlig’ina qaratadi, tabiyat hadiyselerine qizig’iwshiliq oyatadi, sairap-abaylawg’a u’yretedi. Bulardin’ ha’mmesi balalardin’ estetikaliq talg’amin tarbiyalaydi.

## Juwmaqlawshi bo’lim

Mektepke shekemgi talim mekemeleri jer maydani ha’m tabiyat mu’yeshindegi o’simlik ha’m haywanlardi baqlaw ha’m asiraw balalarda estetikaliq qabil etiwdi, olarg’a tuwri mu’nasibetti, go’zzalliq jaratiw tilegin qaliplestiredi ha’mde qizg’in iskerlikke iytermeleydi. Jildin’ jaz aylarinda palizda, gu’lzarda, jer maydanshasinda miynet qiliw processsinde de balalar estetikaliq zawiq aladi. Gu’zde o’z miyneti miywesin jew balag’a ayriqsha estetikaliq zawiq bag’ishlaydi. Dala ha’m bag’larg’a seyilge barg’anda tabiyat go’zzallig’i ha’m baylig’inan, ol jerdegi diyqanlardin’ jaratiwshiliq miynetlerinen zawiqlanadi.

Estetikaliq tarbiya qurallari arasinda ko’rkem-o’ner ahimiyetli orin iyeleydi. Ko’rkem-o’ner - jamiyetlik sana ha’m iskerliktin’ o’zine ta’n formasi bolip, do’gerek-atirap ha’m barliqti a’debiy obrazlarda sawlelendiriliw.

Ko’rkem-o’ner estetikaliq tarbiya qurali spatinda ha’rbir shaxsqa mo’lsherlengenligi menen du’nyag’a ken’ ha’m ashiq ko’z benen qaraw tuyg’isin qaliplestiriw, paziyletti tuwridan-tuwri qabillaw, u’lken arziw u’mitler jolinda do’retiwshilik qabiletin ju’zege keltiriwi menen daliyllenedi.

Estetikaliq tarbiyanin’ en’ ahimiyetli reformasi spatinda ko’rkem-o’ner ja’ne a’debiy qadriyatlardi qabil etiw, balkim olardi jaratiwdi da o’z ishine aladi. A’debiy qadriyatlardi jaratiwg’a jamiyet ag’zalarinin’, asirese, jas awladtin’ aktiv qatnasiw olarda estetikaliq talg’amnin’ iybe ha’m talap-zarurliklerinin’ rawajlaniwina doretiwshilik qabiletlerinin’ xoshametlewge alip keledi.

Mektepke shekemgi talim mekemelerinde balalardi estetikaliq tarepten tarbiyalaw ko’rkem-o’nerdin’ har tu’rli tu’rleri ha’m

janrlarinan ( muzika, su’wretlew o’neri, mu’sinshilik, xaliq ameliy ko’rkem o’neri, a’debiyat ha’m basqalar ) paydalaniladi.

Muzika balalardi go’zzalliqti qabil ete aliwina ku’shli tasiir ko’rsetiwshi qural. Estetikaliq tarbiyanin’ bunday qurali balalarda muzikaliq talg’amdi qaliplestiredi, zamanago’y ha’m eski qosiqlardi qabil ete aliwg’a tayarlaydi. A’ne usi sebepli balalardi qosiq aytiw ha’m oyin oynawg’a u’yretiwde tek g’ana tuwri aytiwg’a ha’m ha’reket qiliwdi emes, balki tariypli orinlaw, jen’il ha’m shirayli ha’m naz benen oyin oynawg’a u’yretip bariw maqsetke muwapiq.

Estetikaliq tarbiyanin’ qurallarinan ja’ne biri quwirshaq teatri. Du’nyanin’ ko’plep xaliq ha’m elatlarina a’yyem zamanlardan malim.Ol jamiyette belgili ahimiyet talap etedi. Quwirshaq teatri har qaysi mamlekette tu’rli formada, tu’rli ko’lemde, o’zine ta’n tarizde rawajlanip kelgen. Mektepke shekemgi jastag’i balalardi estetikaliq tarbiyalawda quwirshaq teatri quralinan natiyjeli paydalaniw- balalaradin’ ziyrekligi, obyektiv barliq haqqindag’i tui’sinikleri, ko’z-qaraslarin ja’nede rawajlandiriw ushin qolayli sha’rt-sharayatlar jaratiwi menen ahimiyetli.Jurtbasshimiz tariypi menen aytqanda “ Jaslardin’ ruwxiy du’nyasin balalaiqtan baslap, jaqsiliq idealari tiykarinda qaliplestiriw ha’m kamal taptiriw haqqinda ga’p barar eken, ja’ne bir a’himiyetlisi ma’sele haqqinda toqtalip o’tiw orinli, dep oylayman. Olda bolsa, du’nyag’a hayranarli ko’z benen qarap, onnan o’zinshe mani tabiwg’a intilatug’in perzentlerimizdin’ qizig’iwi ha’m sezimlerine ta’n quwirshaq ha’m oyinshiqlar islep shig’ariw maselesi”.

Paydalanilg'an a'debiyatlar dizimi.

1.I.A.Karimov. "Joqari ma'nawiyat jen'ilmes ku'sh". Tashkent-2008.
2. I.A.Karimov. «Barkamal avlod orzus» Tashkent-1999.
3.I.A.Karimov «Barkamal avlod- O'zbekiston taraqqiyot poydevori» Tashkent-1997
4. O'zbekiston Respublikasinin' «Kadrlar tayarlaw milliy da'stu'ri» Tashkent 1997.
5. O'zbekiston Respublikasi "Talim tu'g'risida" Qonun Tashkent-1997.
6. O'zbekistan Respublikasinin' Mektepke shekemgi Konscepsiyasi . Tashkent-2008
7. «Balajon» tayansh da'stu'ri. Tashkent-2010.
8. F.Qadirova Sh.Tashpolatova M.Azamova. Maktabgacha pedagogika. Tashkent-2013.
9. Sh.Sadikova. Maktabgacha pedagogika. Tashkent-2013.
10. P. Yusupova Maktabgacha Pedagogika Toshkent-1996.
11.Bolalar bog'chasining katta tarbiyachisi. Toshkent-1991.
12.R.Mavlanova, Pedagogika Tashkent-1999.
13..Xoshimov ha'm basqalar. Pedagogika Tashkent-1995
14..Hasanboev. J. Sariboev. H.Niyozov. Pedagogika (oqiw qollanba) Tashkent-2006.
15. A.Munavvarov tahriri ostida. Pedagogika. Toshkent-1997
16. . K.Xoshimov, S.Ochilov O'zbek pedagogikasi antalogiyasi Toshkent- 1995.
17.Sh. Shadmanova. Maktabgacha pedagogika "fan va texnalogiya". Tashkent-2005.
18. K. Qoshimov, S.Nishonova. "pedagogika tarixi" Tashkent-2005.
19."Maktabgacha talim jurnali" 11-san 2012-yil.

Internet saytlari.

20.Goole.uz.
21. WWW.ziyonet.uz
22www.edu.uz

24.www.refarat.uz.

25.yandex.ru